



## BAB III

### METODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan kacida diperlukeunana dina unggal kagiatan panalungtikan sangkan bisa ngahontal tujuanana. Méthode mangrupa cara ngalaksanakeun hiji pagawéan sahadé-hadéna (KUBS, 1995: 343). Luyu jeung pamadegan Sujana (1991: 52) yén metode anu digunakeun dina hiji panalungtikan gedé pisan pangaruhna dina ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode panalungtikan baris méré jalan kumaha hiji panalungtikan dilaksanakeun, alat naon anu kudu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, sarta sakumaha lobana anu diperlukeun.

Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kaayaan atawa kajadian anu keur disanghareupan. Lian ti éta ogé dipaké méthode panalungtikan filologi jeung panalungtikan sastra. Panalungtikan filologi digunakeun pikeun nyusun transliterasi naskah. Sedengkeun méthode panalungtikan sastra digunakeun pikeun nganalisis struktur wawacan jeung hérmeneutik.

Pikeun nyusun transliterasi naskah, digumakaeun méthode édisi téks standar, nya éta nyusun transliterasi naskah ku cara ngabebener kasalahan anu saeutik jeung nu teu ajegna, sedengkeun éjahanana diluyukeun jeung katangtuan anu anyar.

Cara gawé tina métode anu digunakeun nya éta nganalisis jeung nafsirkeun. Ku cara ngagunakeun métode déskriptif, dipiharep bisa meunang gambaran ngeunaan struktur carita jeung eusi carita disawang tina jihat hérmeneutik *Wawacan Pandita Sawang*.

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Dumasar kana métode anu digunakeun, sangkan tujuan dina panalungtikan kahontal, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.1.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data**

- 1) Téhnik ulikan pustaka, nya éta téhnik anu mangrupa kagiatan mutalaah buku-buku anu patali jeung garapan panalungtikan.
- 2) Téhnik analisis, digunakeun dina prak-prakanana nganalisis *Wawacan Pandita Sawang*.
- 3) Wawancara, digunakeun pikeun ngalengkepan data anu aya patula patalina jeung naskah.

#### **3.1.2.2. Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) nyusun édisi téks *Wawacan Pandita Sawang*;
- 2) nganalisis struktur wawacan;
- 3) nafsirkeun eusi wawacan;

- 4) niténan deui data nu geus aya;
- 5) nyindekkeun data nu aya.

### 3.2. Sumber Data

Arikunto (1996:114) nétélakeun yén nu disebut sumber data nu aya dina panalungtikan téh nya éta: “*subjék darimana data dapat diperoleh*”

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing data anu diperlukeun, nu nyampak dina *Wawacan Pandita Sawang*. Dina ieu hal nu jadi sumber data téh nya éta naskah jeung téks. Naskah digunakeun pikeun sumber transliterasi, sedengkeun téks digunakeun pikeun panalungtikan sastra.

### 3.3. Populasi jeung Sampel

#### 3.3.1. Populasi

Arikunto (1996:115) nétélakeun yén:

“Populasi adalah keseluruhan subjek penelitian. Apabila seseorang ingin meneliti semua elemen yang ada dalam wilayah penelitian, maka penelitiannya merupakan penelitian populasi. Studi atau penelitiannya juga disebut studi populasi atau sensus.”

Surakhmad (1985: 93) nétélakeun yén populasi nya éta sajumlahing data anu baris ditalungtik sarta sacutikna mibanda sipat anu sarua

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakumna data anu aya dina naskah *Wawacan Pandita Sawang*.

### 3.3.2. Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi anu ditalungtik (Arikunto, 1996:117).

Dina ieu panalungtikan, sampel anu digunakeun nya éta sampel total, nya éta sakumna data nu jadi puseur panalungtikan, nu ngawengku struktur carita jeung eusi carita disawang tina jihat hermeneutik dina naskah *Wawacan Pandita Sawang*. Struktur carita nu baris dianalisis nya éta téma, palaku, galur, latar, titik catur, jeung gaya basa..

